



## Rapò Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon pou Tout Moun

Chè Benefisyè,

Nan anviwon mwa novanm 2023, biznis ou te resevwa yon sibvansyon nan men Massachusetts Growth Capital Corporation (MGCC) nan kad Pwogram Rekiperasyon pou Tout Moun, ki te pèmèt itilizasyon fon yo pou objektif espesifik ki vize ede biznis yo travèse peryòd pandemi an.

Biznis ou dwe ranpli rapò a, ki disponib nan kont ou sou Submittable, pou dokimante rezilta ak benefis ki te posib gras ak fon sibvansyon Massachusetts Growth Capital Corporation yo (MGCC).

Rapò yo ap sispann soumèt [22 me 2026](#).

Ranpli rapò sa a se yon kondisyon obligatwa pou resevwa sibvansyon Pwogram Rekiperasyon pou Tout Moun nan. Si ou pa bay enfòmasyon yo mande yo, sa ap rann biznis ou pa kalifye pou pwochen opòtinite finansman ak MassDevelopment. MassDevelopment kapab tou egzije ranbousman sibvansyon an si biznis ou pa bay rapò yo mande a. Gade Seksyon 6 ak 7 nan Akò Sibvansyon Pwogram Rekiperasyon pou Tout Moun nan.

MGCC te fizyone pa lalwa ak Divizyon Kapital Kwasans nan MassDevelopment, ki te rantre anvigè apati 18 fevriye 2025. MassDevelopment te pran an chaj pwogram sibvansyon ak akò ki te deja egziste nan MGCC.

Si ou gen nenpòt pwoblèm teknik sou Submittable, tanpri [vizite Sant Èd la](#) oswa [soumèt yon tikè sipò](#).

Ak respè,  
MassDevelopment

---

### Èske w gen difikilte pou jwenn fòm rapò a?

1. Pou jwenn fòm yo mande a, konekte nan kont ou lè w itilize adrès imèl ou te itilize okòmansman pou fè soumisyon w lan: [Konekte nan Submittable](#)
2. Asire w ou sou paj Soumisyon yo, epi apre sa ale nan tab “Tout Soumisyon yo”. Apre sa, klike sou tit la (non biznis ou a) nan soumisyon w lan.

3. Si ou pa wè soumisyon w'ap chèche a, asire w ou konekte sou Submittable avèk adrès imèl ou te itilize pou kreye kont ou an. Ou ka verifye sa lè w klike sou inisyal ou yo nan kwen anwo adwat la.
4. Apre sa, klike sou tab “Forms”, epi klike sou bouton ble “Open” oswa “Continue” pou w ka wè fòm ki gen tit “**Inclusive Recovery Grant Report**”, epi swiv enstriksyon yo.
5. Asire w ou soumèt fòm ou an lè w fin ranpli l.